


Tout moun lakay ou ta dwe travay ansanm pou fè yon plan pou ijans, rasanble rezèv yo, epi konprann danje yo ka jwenn.



FÈ YON PLAN KAY LA POU KATASTWÒF

Devlope epi pratike yon plan pou katastwòf avèk moun lakay ou pou prepare pou sa pou fè, fason pou youn jwenn lòt, ak fason pou kominike nan yon ijans.

- Deside kote moun lakay ou ap rankontre apre yon katastwòf. Identife de (2) kote pou rankontre: yon kote toupre lakay ou epi lòt kote a deyò katye imedyatman ou.
- Pratike itilizasyon tout wout sòti posib lakay ou ak nan katye ou.
- Chwazi yon zanmi oswa yon manman fanmi ki pa nan eta a epi ki gen fanmi oswa zanmi ki kapab rele pandan yon katastwòf. Si liy telefòn Vil New York okipe, apèl entè-iben ka pi fasil pou fè. Kontak deyò eta sa a kapab ede ou kominike avèk lòt moun yo.
- Planifye pou bezwen tout moun yo, sitou granmoun aje yo, moun ki pa pale lang Anglè, moun ki andikape, timoun, ak bêt kay.
- Achte bon asirans lan. Si ou lwe kay ou, asirans lokatè ap asire atik ki andedan apatman ou. Si ou posede yon kay, asire kay ou pwoteje nan asirans lan kòrèkteman – domaj inondasyon ak van pa garanti nan yon kontra asirans debaz pwopriyetè kay.

RASANBLE YON TWOUS KI GEN ATIK POU IJANS

Konsève ase atik ki nesesè lakay ou pou siviv pandan omwen twa (3) jou. Konsève materyèl sa yo nan yon bwat oswa yon plaka ki fasil pou jwenn, epi chanje yo de fwa chak ane nan lè avanse a. Atik ki sijere yo disponib sou entènèt oswa nan boutik manje angwo, famasi oswa rezèv fòs lame zòn ou. Atik ki sijere yo gen ladan:

- Yon galon dlo mineral pou chak moun pa jou
- Manje nan bwat, toupare ki p ap gate ak yon kle pou louvri bwat yo alamen
- Twous premye swen
- Flach
- Radyo ki jwe ak pil sou frekans AM/FM ak pil rezèv
- Siflè
- Ti grenn dyòd oswa yon ka klowòks san odè (pou dezenfekte dlo SÈLMAN si ofisyèl yo mande pou fè sa) ak yon konngout (pou mete klowòks la nan dlo)
- Telefòn ki pa fonksyone avèk elektrisite

KAT REFERANS POU IJANS

Itilize kat sa a pou note detay plan pèsònèl ou pou katastwòf. Chak moun lakay ou ta dwe gen youn.

Non:

Kote pou Rankontre nan Kay la:

Kote pou Rankontre nan Katye a:

Travay/Lekòl/Lòt Kote pou Ale:

Kontak nan Travay/Lekòl/Lòt Kontak:

Kontak Deyò Eta a:

Asirans Pwopriyetè Kay/Asirans Lokatè:

Non ak Nimewo Doktè:

KONNEN DANJE YO

Lè ou konnen danje ki ka afekte Vil New York— depi nan ouragan pou rive nan dife nan kay — sa kapab ede ou rete an sekirite nan yon ijans. Ale nan sitwèb NYC.gov/hazards pou jwenn enfòmasyon sou danje sa yo.

911: IJANS

- Rele 911 lè ou nan danje imedyat oswa lè ou wè yon krim k ap fèt.
- Rele 911 si ou pran yon chòk grav oswa si ou gen yon pwoblèm medikal ki menase lavi ou.

311: SA KI PA IJANS

- Rele 311 lè ou bezwen jwenn sèvis ki pa pou ijans oswa enfòmasyon sou pwogram gouvenman Vil la.

CHÈCHE JWENN ENFÒMASYON

- OEM sou Facebook ak Twitter
[@nycoem](http://www.facebook.com/NYCemergencymanagement)

NOTIFY NYC

- Enskri pou resevwa notifikasyon pou ijans yo. Pou fè sa, ale nan sitwèb NYC.gov/notifynyc, rele 311, oswa swiv @NotifyNYC sou Twitter

METE ANSANM YON VALIZ DEPLASMAN

Chak moun nan kay la ta dwe mete ansanm yon Valiz pou Deplasman — yon gwoup atik ou kapab itilize sizoka ou dwe deplase. Chak Valiz pou Deplase ta dwe solid, lejè, ak pòtatif, tankou yon sakado. Atik ki sijere yo gen ladan:

- Kopi dokiman enpòtan ou nan yon bwat ki byen fèmen pou li pa pran dlo epi ki kapab pote san pwoblèm (kat aspirans, batistè, papye kay, ID ki gen foto, elatriye)
- Lòt twous kle vwati ak twous kle kay
- Kopi kat kredi ak kat ATM ak lajan kach
- Dlo nan boutèy ak manje ki p ap gate tankou enèji ak ba sereyal
- Flach
- Radyo ki jwe ak pil sou frekans AM/FM ak pil rezèv
- Lis medikaman ak dòz moun nan kay la pran, oswa kopi tout fich preskripsyon ki gen non doktè ak nimewo telefòn yo
- Twous premye swen
- Gadri, manje pou bèt kay ak lòt atik espesyal
- Rad lejè ki empèmeyab ak dra Mylar
- Enfòmasyon pou pran kontak ak kote pou moun kay la rankontre a, epitou yon ti kat jewografik zòn nan

GID SA A DISPONIB TOU NAN LANG KI ANBA LA YO.

Arabic
الحصول على نسخ باللغة العربية من هذا الدليل.

Bengali
ইংরেজি এই নির্দেশিকাটির কপির জন্ম ৩১১-এ দেখ করুন বা NYC.gov/readyny থেকে।

Chinese
請撥打311或訪問NYC.gov/readyny, 獲得本指南的中文版本。

English
Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

French
Visitez NYC.gov/readyny pour obtenir des exemplaires de ce guide en français.

Haitian Creole
Ale nan sitwèb NYC.gov/readyny pou jwenn kopí gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen.

Italian
Visita il sito NYC.gov/readyny per ricevere una copia di questa guida in italiano.

Korean
한국어로 된 안내서 사본은 NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

Polish
Kopia w języku polskim jest opublikowana pod adresem NYC.gov/readyny.

Russian
Позвоните по номеру 311 или посетите сайт NYC.gov/readyny, чтобы получить эту брошюру на русском языке.

Spanish
Llame al 311 o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este folleto en español.


Urdu
اس ریشمہ بروج کی کاں اور دیگر میں حاصل کر لیں NYC.gov/readyny ملاحظہ کریں۔

Yiddish
בזילעט NYC.gov/readyny פאר אכפֿיס פֿון דעם פֿאָפֿיר אַן אַידְרִיש.



READY NEW YORK

PREPARASYON POU IJANS YO



Haitian Creole, 2014 Edition

NYC
Biwo Jesyon lians
Bill de Blasio, Majistra

